# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–14 अगस्त 2026 भोजपुरी समाचार

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू अस्सीवां स्वतंत्रता दिवस के पूर्व संध्या पर आजु अबसे कुछु देर बादे राष्ट्र के सम्बोधित करबि। राष्ट्रपति क सम्बोधन संझा सात बजे आकाशवाणी के सज्जो राष्ट्रीय चैनलन पर प्रसारित कइल जाई। ई दूरदर्शन के सज्जो चैनलन पर हिन्दी में प्रसारित होई, जेकरे बादे एकर अंगरेजियो संस्करण प्रसारित कइल जाई। दूरदर्शन पर हिन्दी आ अंगरेजी में सम्बोधन प्रसारण के बादे एकर क्षेत्रीय भासो में प्रसारण दूरदर्शन के क्षेत्रीय चैनलन पर कइल जाई। आकाशवाणी अपने सम्बन्धित क्षेत्रीय चैनलन पर राति साढ़े नौ बजे सम्बोधन के क्षेत्रीय भासा संस्करण क प्रसारण करी।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी स्वतंत्रता दिवस पर बिहने दिल्ली के इतिहासिक लाल किला पर राष्ट्रीय ध्वज फहरइहें आ देस के सम्बोधित करिहें।

**लाल किले में होने वाले इस समारोह में, पहली बार वंदे मातरम् का सामूहिक गायन किया जाएगा। इसके बाद राष्ट्रगान होगा। यह भव्य कार्यक्रम, राष्ट्रीय गीत वंदे मातरम' की 150 साल पुरानी गौरवशाली विरासत को याद करने, और वर्ष 2047 तक विकसित भारत के निर्माण में युवा शक्ति की ऊर्जा, आकांक्षाओं और महत्वपूर्ण योगदान का उत्सव मनाने के लिए, आयोजित किया जा रहा है। समारोह में, देश के अलग–अलग क्षेत्रों से करीब पांच हजार विशेष अतिथियों को भी लाल किला में आमंत्रित किया गया है। इनमें पीएम विश्वकर्मा योजना के कारीगर, पीएम मुद्रा योजना की महिला उद्यमी, पीएम स्वनिधि योजना के रेहड़ी–पटरी वाले और भारत टैक्सी के टैक्सी चालक शामिल हैं। दीपेन्द्र कुमार, आकाशवाणी समाचार दिल्ली।**

**********

देस आजु बिभाजन बिभीसिका स्मृति दिवस मना रहल हौ। येह मौका पर बरिस ओन्नइस सौ सैंतालीस के बिभाजन के दौरान आपन जान गंवावे वाले आ असहनीय पीड़ा झेले वाले सज्जो लोगिन के इयादि कइल जा रहल बा।

**2021 में सरकार ने हर वर्ष 14 अगस्त को विभाजन विभीषिका स्मृति दिवस के रूप में मनाने का निर्णय लिया था। यह दिवस आने वाली पीढ़ियों को विभाजन के दौरान लोगों द्वारा झेले गए दर्द और पीड़ा की याद दिलाता है। विभाजन ने लाखों लोगों को प्रभावित किया और अपने पीछे गहरे घाव छोड़ें। विभाजन के कारण करीब दो करोड़ लोग प्रभावित हुए। यह दिवस सामाजिक विभाजन और वैमनस्य को दूर करने तथा शांति सद्भाव और एकता की भावना को मजबूत करने की आवश्यकता की भी याद दिलाता है अनुपम मिश्रा आकाशवाणी समाचार दिल्ली।**

बिभाजन बिभीसिका स्मृति दिवस पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिभाजन से परभावित सज्जो लोगिन के साहस के इयादि कइले हवें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में प्रधानमंत्री मोदी कामना कइले हवें कि ई दिन राष्ट्र में सद्भाव आ भाईचारा के बनावे रखले के हम्मनी के संकल्प के अउरियो मजबूत करी।

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ येह मौका पर आजु लखनऊ में आयोजित मौन पदयात्रा में सामिल भइलें। उहां के बिभाजन के त्रासदी पर आधारित प्रदर्सनी क अवलोकन कइलीं। सथहीं येह त्रासदी क पीड़ा झेले वाले बिस्थापित परिवारन के सदस्यन के सम्मानितो कइलीं।

अपने सम्बोधन में मुख्यमंत्री बिभाजन के त्रासदी के इतिहास क काला अध्याय बतवलें।

**आज पूरा देश 1947 में विभाजन की उस भीषण त्रासदी के स्मृति दिवस के साथ जुड़ा हुआ है, जो विश्व मानवता के इतिहास का सबसे काले अध्यायों में से एक है।**

बिभाजन विभीषिका स्मृति दिवस पर प्रदेस के अलगि–अलगि जिलनों में कई गो आयोजन कइल जा रहल बा। गोरखपुर के पुलिस लाइन में आयोजित कार्यक्रम में ओइजा क वरिष्ठ पुलिस अधीक्षक डॉक्टर कौस्तुभ येह मौका पर सामाजिक समरसता आ राष्ट्रीय एकता बनावे रखले क सनेसा दिहलें।

**********

नागर विमानन मंत्री के. राम मोहन नायडू काल्हि विजयवाड़ा आ वाराणसी के बिच्चे सीधी हवाई सेवा क सुरूआति कइलें। उहां के कहलीं कि येह उड़ान से विजयवाड़ा के श्री कनक दुर्गा अम्मा मंदिर आ वाराणसी क बाबा काशी विश्वनाथ धाम के बिच्चे तीर्थ पर्यटन के बढ़ावा मिली।

**********

मौसम विभाग अठारह अगस्त ले प्रदेस भर में कहीं–कहीं भारी बरखा क चेतावनी दिहले हौ। येह बिच्चे, आजु गोरखपुर के सथहीं एकरे लग्गे के कई गो पूरबी जिलन में दिन में तेज घाम निकरल आ लोगि उमसो महसूस कइलें। हलांकि कहीं–कहीं से छिटपुट बरखो क समाचार मिलल बा।

**********